

Pou Piblikasyon Imedya: 19/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 450,000 DOLA NAN SIBVANSYON POU
ÒGANIZASYON PATNÈ PAK ETA, FORÈ AK ESPAS ISTORIK YO**

Sibvansyon yo Ap Byen Itilize Efò Pwogramasyon ak Leve Fon Patnè Lokal yo

Sibvansyon yo Pral Konplete ak Plis Pase 150,000 Dola nan Finansman Prive ak Lokal yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 450,000 dola nan sibvansyon eta yo pou bay 22 òganizasyon ki dedike nan jesyon ak pwomosyon pak, espas istorik, ak tèren piblik Eta New York yo. Gwoup dedike sa yo ap leve fon prive pou pwojè kapital yo, reyalize travay mentnans yo, bay pwogramasyon edikatif, epi pwomouvwa itilizasyon piblik pak yo atravè òganizasyon aktivite espesyal yo. Sibvansyon Pwogram Patenarya Pak ak Santye a (Park and Trail Partnership Program) yo administre pa Biwo pou Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) ansanm ak Pak ak Santye New York (Parks and Trails New York), yon gwoup san bi likratif atravè eta a.

“Pak, santye, forè ak espas istorik Eta New York yo ofri opòtinite rekreyatif ak kiltirèl ekstèn klas mondyal yo, sipòte sektè touristik lan, epi devlope ekionomi lokal yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Gwoup patenarya sa yo esansyèl pou reyisit pak eta nou yo ki ap kontinye, epi sibvansyon jodi a yo pral ede byen itilize efò pwogramasyon ak leve fon òganizasyon sa yo pou ka konstwi yon pi bon sistèm pak eta pou jenerasyon ki gen pou vini yo.”

“New York se kote ki gen kèk nan pak ki pi bèl ak sit istorik ki pi anblematik nan mond lan yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Ak finansman sibvansyon sa a, nou ap kontinye investi nan yo atravè eta a pou ogmante angajman nou pran anvè sektè touristik lan epi asire reyisit yo nan fiti.”

Sibvansyon Pwogram Patenarya Pak ak Santye a yo, ke yo te finanse atravè Fon Pwoteksyon Anviwònman la, pral konplete ak plis pase 150,000 dola nan finansman prive ak lokal yo. Sibvansyon Pwogram Patenarya Pak ak Santye yo elabore pou:

- Ranfòse prezèvasyon, jesyon, entèpretasyon, mentnans ak pwomosyon pak, santye, espas istorik ak tèren piblik Eta New York yo;
- Ogmante dirabilite, efikasite, pwodiktivite, volontarya ak kapasite leve fon yo pou òganizasyon san bi likratif yo ki ap pwomouvwa, mentni epi sipòte pak, santye ak espas istorik Eta New York yo; epi
- Pwomouvwa touris ak avantaj devlopman ekonomik pou rekreyasyon ekstèn yo atravè kwasans ak ekspansyon yon rezo pak, santye ak wout ak peyizaj yo ki konekte atravè eta a.

Benefisyè yo se, pa rejyon:

Rejyon Kapital:

- **Friends of Bennington Battlefield:** 8,500 dola pou elabore, kreye epi plase siy entèpretatif yo ki pral enkòpore dirèkteman istwa batay yo epi atire apati divès pèspektif.
- **Friends of Five Rivers:** 31,500 dola pou anboche yon Kowòdinatè Sansibilizasyon ak Devlopman pou kiltive yon baz donatè dirab epi elaji finansman ak resous volontè òganizasyon yo.
- **Friends of Moreau Lake State Park:** 5,150 dola pou achte ekipman ak materyèl pou konstwi ywit etajè estokaj bato yo ak yon lansman kayak ki pral ede redwi domaj pye bwa yo.

New York Santral:

- **Chittenango Landing Canal Boat Museum:** 23,800 dola pou kreye plan amelyorasyon kapital ak komèsyalizasyon yo pou yon zòn divètisman ekstèn ak akèy kominotè ki nan entèseksyon santye Ansyen Kanal Erie an ak Vilaj Chittenango Creekwalk, reyelabore yon seksyon ki pa itilize anpil nan espas lan.
- **Kòporasyon Konsèy Zanmi Pak yo (Council of Park Friends):** 5,083 dola pou ofisyèlman chanje non kòporatif li an pou vin Friends of Clark Reservation, epi anbake nan yon kanpay afilyasyon ki ap itilize materyèl pwomosyonèl pou devlope afilyasyon epi ede mentni yon revni dirab.

Finger Lakes:

- **Friends of Ganondagan:** 22,630 dola pou anboche yon Asistan Pwogram pou sipòte pwogramasyon ki ogmante pandan tout ane an nan Espas Istorik Eta Ganondagan.
- **Friends of Letchworth State Park:** 13,888 dola pou sipòte yon pwojè Wout Eritaj Kòporasyon Konsèvasyon Sivilyèn (Civilian Conservation Corps, CCC) ki nan Pak Eta Letchworth ak siyalizasyon entèpretatif, direksyonèl ak idantifikasyon estrikti yo.

Long Island:

- **The Caumsett Foundation:** 34,557 dola pou finanse reyamenajman kyòsk vizitè nan Prezèvasyon Pak Istorik Eta Caumsett pou ranfòse eksperyans vizitè yo, ki konsante sou entèpretasyon espas lan, kat pou bay direksyon ak pwogramasyon.

Mid-Hudson:

- **Calvert Vaux Preservation Alliance:** 28,000 dola pou konsève yon antrepriz achitekti prezèvasyon istorik pou prezante pwochèn etap pou restorasyon ak reyitilizasyon adaptatif dirab pou The Point ki sitiye nan Pak Eta Mills Norrie nan Staatsburg, N.Y.

- **Fort Montgomery Battle Site Association:** 50,000 dola pou repare epi retabli sistèm santye Espas Istorik Eta Fort Montgomery an, ki ap bay aksè a 35,000 vizitè anyèl nan espas lan, ki gen pami yo gwoup lekòl yo, fanmi yo, òganizasyon yo, ak moun yo.
- **Friends of Fahnestock and Hudson Highlands State Parks:** 21,500 dola pou ajoute siyalizasyon istorik alantou Northgate/ Cornish Estate Ruins ansanm ak bay vizitè Hudson Highlands yo yon espas pou relakse yo epi enfòmè sou istwa pak lan.
- **The Little Stony Point Citizens Association, Inc.:** 11,889 dola pou achte yon ponp chalè ki pa konsome anpil enèji pou nouvo Sant Volontè pou pèmèt plis aktivite sezonye ki pral ogmante prezans volontè nan Little Stony Point. Nouvo pwogram enfòmasyon pou baz done ak kalandriye yo pral ranfòse angajman ak administrasyon volontè yo.
- **Walkway Over the Hudson:** 14,500 dola pou finanse leve fon ak kanpay komèsyalizasyon sou divès fasèt ki la depi lontan ki tire avantaj de kondisyon Walkway antan ke yon konektè krisyal nan Empire State Rail Trail.

Mohawk Valley:

- **Friends of Johnson Hall:** 7,245 dola pou konplete restorasyon yon tapisri 18yèm syèk ki nan sal santral nan kay 1763 Sir William Johnson lan ki te mete anfas sou ansyen pouvwa ak otorite wa Anglè ke Johnson te reprezante.

North Country:

- **Azure Mountain Friends:** 13,500 dola pou estabilize ewozyon sou somè a ant fa siveyans lan ak falèz ki laj yo nan sidès pou fè santye a vin pi sekirize pou moun ki ap kouri yo, redwi domaj yo pou favorize vejetasyon epi retounen etabli yon somè anviwònman ki pi natirèl.
- **John Brown Lives:** 31,200 dola pou ranfòse epi ogmante eksperyans vizitè yo, ki gen ladan espas pou timon yo, vizit ki gen tèm espesyal yo, yon enstalasyon odyo pou Ekspozisyon Dreaming of Timbuctoo, kyòsk Friends Group, ak aktivite espesyal pou konstwi kominote yo.
- **Winona Forest Recreation Association:** 36,182 dola pou reyamenajman yon 8 kilomèt santye adisyonèl, ranfòsman siyalizasyon nan tèt santye yo, ak konstwiksyon nouvo paviyon piknik yo. Achte yon machin pou nèj ak ekipman pou bale yo ki pral ouvri itilizasyon ivènal santye a.

Southern Tier:

- **Friends of Chenango Valley State Park:** 18,000 dola pou konplete baryè pou yon tèren chanpyona boul pou jèn yo ki pral sèvi jèn lokal yo ak fanmi yo.
- **Friends of Rogers:** 10,000 dola pou anboche yon konsiltan ki gen mak pou etabli yon mak ak imaj ki klè epi ki fasilman rekonesab pou devlope Sant Edikasyon Anviwònman Rogers (Rogers Environmental Education

Center) epi kontinye ofri aksè gratis a plis pase 10 kilomèt santye sou 243 ekta yo.

Vil New York:

- **Friends of Gantry State Park:** 17,000 dola pou ranplase amak pak yo, ki se yon fonksyon ki popilè, epi pou ogmante sansibilizasyon nan katye an ak kapasite volontarya.

Rejyon Lwès New York:

- **Friends of Allegany State Park:** 10,625 dola pou kòmanse ak restorasyon Red House Sawmill lan, ki se yon batiman istorik ke yo te itilize pou pwodwi bwa chapant pou kabin yo ak lòt estrikti yo nan pak lan. Premye faz lan gen ladan sekirize, estabilize epi netwaye estrikti an.
- **Friends of Knox Farm:** 40,000 dola pou anboche yon Direktè Egzekitif a tan pasyèl pou ede òganizasyon volontarya a akonpli pi bon misyon li epi sipòte pak lan.

Pwogram Patenarya Pak ak Santye a konpleman angajman istorik Gouvènè Cuomo te pran pou revitalize epi transfòme pak ak tèren piblik eta yo pou rekreyasyon ekstèn yo. Pwogram Pak 2020 Gouvènè a se yon angajman sou divès ane pou byen itilize 900 milyon dola nan finansman prive ak piblik pou Pak Eta yo. Bidjè Egzekitif 2019-20 an gen ladan 110 milyon dola anvè inisyativ sa a.

Pak ak Santye New York lan se defansè atravè eta ki ap mennen pou pak ak santye yo, ki dedike depi 1985 nan amelyore sante ak kalite lavi tout moun New York yo nan travay ansanm ak òganizasyon kominotè ak minisipalite yo pou vizyone, kreye, pwomouvwa, epi pwoteje yon rezo pak, wout ekolojik ak santye yo ki ap ogmante atravè eta a pou tout moun kapab itilize epi pwofite de yo.

Erik Kulleseid, ki se Komisè Pwovizwa nan Biwo pou Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik, te deklare, “Atravè Eta New York, Friends Groups yo krisyal nan konstwi ak ranfòse yon bon jan kalite eksperyans pou vizitè pak yo. Mwen aplodi Friends Groups sa yo poutèt efò yo ap fè pou pak, santye ak espas istorik yo - epi mwen remèsye Pak ak Santye New York yo poutèt travay li ap fè pou sipòte yo”.

Komisyone Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal a (Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos, te deklare, “Eta New York se lakay kèk nan pak, espas istorik, ak tèren piblik ki pi mayifik yo nan nasyon an, epi Gouvènè Cuomo rekonèt pouvwa ke kote espesyal sa yo posede pou atire plizyè milyon moun ki renmen aktivite ekstèn yo ki soti toupatou nan mond lan pou eksperimente bote san rival yo chak ane. Envestisman istorik Gouvènè a ap fè yo nan Fon Pwoteksyon Anviwònmanal la (Environmental Protection Fund) ap ede sipòte ekonomi lokal yo, ansanm ak divès patnè ki pataje pasyon nou genyen an pou nou pwoteje, prezève, epi pwomouvwa yon fason rponsab gwo rezo pak ak santye New York ki ap pwospere yo”.

Direktè Egzekitif Pak ak Santye New York la, Robin Dropkin te deklare, “Li enspiran pou nou wè efè transfòmatif Sibvansyon Pwogram Patenarya Pak ak Santye a yo ak jan

yo ap ranfòse kapasite gwoup Friends yo pou kapab fè menm yon pi gwo kontribisyon nan jesyon gwo espas ekstèn New York yo. Fon sibvansyon sa yo pral pèmèt gwoup yo byen itilize plis finansman prive ak federal, favorize plis pouvwa volontè yo, epi ogmante investisman istorik Eta a nan pak yo, santye yo, ansanm ak lòt espas ekstèn piblik yo”.

Senatè José Serrano, ki se Prezidan Komite Afè Kiltirèl, Touris, Pak ak Lwazi a (Committee on Cultural Affairs, Tourism, Parks and Recreation), te deklare,

“Pandan ke kantite vizit nan Pak Eta yo ap kontinye ogmante chak ane, li vin pi enpòtan ke jamè pou nou sipòte gwoup ki ap amelyore, pran swen, epi konsève pi gwo trezò natirèl ak istorik New York yo. Sibvansyon Pwogram Patenarya Pak ak Santye a yo pral rann li posib pou gwoup Friends yo ka ranfòse epi elaji wòl yo antan ke jesyonè pak ak espas istorik nou yo, sa ki ap asire ke moun New York yo atravè Eta a ka kontinye pwofite de tout opòtinite rekreyatif ak edikatif yo ke yo ofri yo”.

Manm Asanble a Daniel J. O'Donnell, ki se Prezidan Komite sou Devlopman Touris, Èv Atistik, Pak ak Espò (Committee on Tourism, Arts, Parks, and Sports Development) nan Asanble a, te deklare,

“Pak, santye, ak espas ekolojik nou yo ap bay pakèt moun New York opòtinite divètisman ak fason pou konekte ak lanati. Sibvansyon ke yo te bay yo pral fè mèyè nan elaji epi mentni bijou sa yo”.

Senatè Todd Kaminsky, ki se Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònmanal Sena a (Senate Environmental Conservation Committee), te deklare,

“Rekòlte bote pak ak tèren piblik New York yo ap non sèlman bay bourad a sektè touristik lan ak devlopman ekonomik, men tou ede atire atansyon pou montre jan li enpòtan yon nivo vital pou nou prezève anviwònman ak resous natirèl nou yo. Mwen espere wè benefis sibvansyon sa yo, alafwa nan Long Island, epi toupatou nan gwo Eta nou an okonplè”.

Manm Asanble Steve Englebright, ki se Prezidan Komite Asanble a pou Pwoteksyon Anviwònmanal (Assembly Committee on Environmental Conservation), te deklare,

“Òganizasyon jesyon yo se ewo envizib pou pak ak tèren piblik Eta nou yo. Soti nan yon sousi kolektif pwofon pou zòn natirèl nou yo, òganizasyon Friends sa yo alimante pa volontè yo ki twouse manch yo pou fè mentnans, dirije pwogram edikatif yo, ak pwomnad nan lanati yo, epi fè leve fon pou pwojè espesyal yo. Sibvansyon pou gwoup jesyon lokal sa yo jwenn yon randman obèn nan ede ogmante travay Pak Eta yo ak DEC a”.

###

Lòt nouvel disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)